Утверждаю:
Зам. дир. по УВР

# Такрар гьабиялъул рагьараб дарс: «Предложениялъул тайпа цоял членал»

Х1адур гьабуна:
Гумбет мухъалъул Ч1иркъат1а росдал гьоркьохъеб школалъул авар мац1алъул ва адабияталъул муг1алим
Мух1амадова Хадижат Р.

## Авар мац1алъул рагьараб дарс. 8класс

## Дарсил тема: «Тайпа цоял членал такрар гьари»

Дарсил мурад:

**1.Лъай кьеялъулаб**: тайпа цоя членазул х1акъалъулъ щвараб лъай щула гьаби, цебехун малъараб материал такрар гьаби.

**2.Лъай цебет1езабиялъул**: цIалдохъабазда авар грамматика лъаялъул рахъ цебетIезаби,цIалул ва хъвавул каламалъулъ кколел гъалатIал дагьлъи.КIалзул калам пасихIго гIуцIизе ва пикраби загьир гьаризе цIалдохъаби ругьун гьари.

**3.Тарбия кьеялъул**: Цоцаздехун адаб-хIурмат куцай,цоцалъ рекъон хIалтIизе ругьун гьари,гьелдалъун лъималазул гьудуллъи щула гьаби. Ват1аналде рокьи куцай.

Дарсил алатал: ноутбук, проектор, карточкаби, тахьал.

## Дарсил ин:

1. **Авалияб г1уц1и.** Рорч1ами, лъимал. Дида ц1ар буго Мух1амадова Хадижат Рамазановна. Дун ккола Гумбет мухъалъул Ч1иркъат1а росдал школалъул муг1алим. Жакъа дица бачине буго нужее авар мац1алъул дарс. Дарсида нилъеца х1алт1изабизе буго къимат кьолеб кагъат, киналго х1асилал росизе руго кагътиде. Хъвай нужерго ц1арал т1анчида.

2. **Разминка. Суал буго нужее, лъимал: миллион гъурущ щвани, щиб гьелда нужеца гьабилеб бук1араб? (киса щварабин ц1ехеч1оха нужеца. Х1алалалабищ яги х1арамаб нухда щварабищ? Бугищ нужее гьелъул бат1алъи?)**

3. **Дарсил темаялда хурхараб х1алт1и.**

Сундул бицунеб гьал схемабаз?

1) [ О, О, О, О ]
2) [ О ва О ]
3[ Оги Оги ]
4. [ Оги, Оги,Оги ]
5.[ О,О, жеги О ]
6. [ Оги Оги ва О ]
7. [ я О, я О, ялъуни О ]

## 4. Х1адурлъиялъул хал гъаби.

1.Тайпа цоял членал щал кколел?
2. Кин цолъизарун рук1унел ТЦЧ? (союзазул кумекалдалъунги, интонациялъул кумекалдалъунги)
3. Кинаб бухьеналдалъун рухьун рук1унел ТЦЧ? (сок1к1иналъул) (цо-цо балл)

5. **К1и-к1иккун х1алт1и. Таблицаялъул квег1аб рахъалъ кьун руго схемаби, кваранаб рахъалъ ругел кинал предложениязда гьел данде кколел? Предложениязда нахъа гьезда данде кколеб схемаялъул номер лъе.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| №1 | [ О, О, О, О ] | Гьеб мац1 дие бечедаб ва хирияб буго. | №2 |
| №2 | [ О ва О ] | Гьеб мац1алъ загьир гьабула дица дир пикру, рек1ел асар, рокьи, ццин. | №1 |
| №3 | [ Оги Оги ] | Географиялъулги физикаялъулги ва историялъулги т1ахьал рач1ана библиотекаялде. | №6 |
| №4 | [ Оги,Оги,Оги ] | Данделъиялда рук1ана Саг1ид, Г1ашура, жеги Асмагицин. | №5 |
| №5 | [ О,О, жеги О ] | Я дун ,я Ах1мад, ялъуни эмен вахине ккола метер маг1арде. | №7 |
| №6 | [ Оги Оги ва О ] | Г1емер гьедула ц1огьорги гьерсихъанги. | №3 |
| №7 | [ я О, я О, ялъуни О ] | Кверда махщел бугел т1аргъазулги, хьитазулги, пахьулги устарзаби мискинлъиялъ дунял сверизе т1амуна. | №4 |

Хал гьабила, бит1ун батараб жавабалъухъ цо-цо балл лъела.

6. **Жалго жидедаго ч1ун гьабизе х1алт1и.**

Кьун руго предложениял , лъалхъул ишараби лъун гьеч1о. Нужерго рак1ч1еялде балагьун т1аса бищула т1адкъай (А, Б, В.), гьелда рекъон х1алт1иги гьабула.

1. **Щибаб сардилъ муридзабаз хандакъал рухъулаан ва щулалъаби гьарулаан.**
2. **Цо-цо ц1огьаз бикъараб оцол лъангут1изеян лълъар бекула, рач1 къот1ула.**
3. **Гъули-хан сверухъ ругел муг1рузухъ, к1к1алазухъ валагьана.**
4. **Я лъик1аб бициналъ, я меседалъ, я г1акъуба-г1азабалъ херав Х1асание щибго асар гьабич1о, гьес рагъухъаби ругел бак1 бицинч1о.**

**А. Лъалхъул ишараби лъун, предложениял хъвай.(1 балл)**

**Б. Лъалхъул ишараби лъун, предложениял хъвай, ТЦЧ кинал предложениялъул членал**

**кколел,гъоркь х1уччал ц1ай. (2балл)**

**В. Лъалхъул ишараби лъун, предложениял хъвай, ТЦЧ кинал предложениялъул членал**

**кколел, гъоркь х1уччал ц1ай. Предложениязе схема бахъе. (3 балл)**

**7.Творческияб х1алт1и. Щвана нилъ гох1да цере. Лъанищ нужеда щиб гох1 гьабали? Ах1улгох1алъул тарихги Шамил имамги лъаларев чи нужеда гъорлъ ватиларо.**

Къанце бералги, г1енекке коч1ол раг1абазухъги…. Рагье берал. Гьаб темаялда ургъе 2 предложение ТЦЧ-гун (1 предл.-1б)

**8. Х1ай «Лъие бокьун бугеб миллионерлъун вахъине?»**

**9. Рокъобе х1алт1и. Ах1улгох1алъул х1акъалъулъ 4-5 предложение хъвазе, ТЦЧ гъорлъеги ккезарун.**

**10. Къиматал лъезе.**

**Къимат кье нужеего.**

| № | Х1алт1ул тайпа | Баллал |
|---|---|---|
| 1 | Х1адурлъиялъул хал гьаби | |
| 2 | К1и-к1иккун х1алт1и | |
| 3 | Жалго жидедаго ч1араб х1алт1и | |
| 4 | Творческияб х1алт1и | |
| 5 | Х1ай «Лъие бокьун бугеб миллионерлъун вахъине» | |
| | Кинабниги: | |